



KONBIT OGANIZASYON POLITIK, SENDIKAL

AK POPILE

Madi 23 Jiye 2024

Nòt denonsiyasyon

Kowòdinasyon **KONBIT OGANIZASYON POLITIK, SENDIKAL AK POPILE YO** salye laprès pale, ekri, televize ak sila yo ki sou rezo sosyo yo k ap gen posiblité pou li nòt sa. Nou pwofite okazyon sa pou n atire atansyon laprès sou yon akizasyon yon sitwayen ki rele **Jackson Dena** fè sou kamarad nou **Guy Numa**. Sitwayen an akize Guy kòmki dire li ta nan gang nan Pòtoprens nan yon deklarasyon li fè nan yon medya an liy. Li fè deklarasyon sa aprè Guy Numa te fin vèbalize epi pibliye sou rezo sosyo eskonbrit ki te genyen ant misye ak **Gardy Percy** kote li te arive kase tèt li ak yon zam ilegal Gardy popilasyon an konnen sou jwèt non Assad. Aksyon sa pase sou lakou Lekol Senfranswa Sal nan Pòsali nan okazyon yon aktivite sou souverènte alimantè yon òganizasyon ki rele Konbit pou Devlopman Pòsali (KODEP) t ap òganize nan tèt kole ak pawas Pò Sali a. Lè l fin komèt zak sa li mete van nan vwèl li. Se nan sans sa, ansanm aktè ki t ap òganize aktivite sa te deside pa rete bwa kwaze parapò ak zak sa. Guy Numa ki te youn nan moun ki t ap bay koutmen nan aktivite a bò kote pal te soti yon kominikasyon sou rezo sosyo pou esplike sak pase a epi mande pou lapolis dezame epi mete anba kòd sitwayen sa k ap simen latwoublay nan mitan popilasyon an. Pè **Yves Edmond** ki se kire pawas la te fè yon konferans pou laprès nan menm sans lan tou. Sitwayen an ki te santi li ka pran kòd pandansetan tou ap jwe jwèt viktim fè fo akizasyon sa sou Guy Numa epi li tou pwofite akize kire pawas la nan dosye sa.

Kite nou raple pou Jackson, Guy pa yon pitimi san gadò, rive mete fo akizasyon sou Guy se leve tout plim sou do ansanm oganizasyon pwogresis ki nan mouvman sosyal ayisyen an. Ti akizasyon sa yo paka ebranle kamarad la nan batay l ap mennen kont ni patwon ni ti tchoul ki vle kenbe sistèm peze souse a nan peyi a. Guy se yon edikatè popilè k ap bay fòs ak kouraj li nan

mouvman sosyal ayisyen an depi debi ane 90 yo. Savle di ou frape move pòt, si popilasyon an t ap sitire w malgre bann akizasyon ou gen sou do w, akizasyon sa ou fè sou kamarad la dwe yon alam deklannchè pou dirijan lajistis nan Pò Sali fè travay yo kòmsadwa.

Pandan n ap mande pou otorite lajistis yo nan depatman Sid la pran dosye sa an men epi pou trennen devan tribinal sitwayen sa k ap simen latèrè nan mitan popilasyon an, n ap di kamarad Guy rete djougan pa moli. Konbit la nan do w kòm bwa dèyè bannann ou.

Yon sèl nou fèb

Ansanm nou fò

Ansanm ann kwape lenjistis ak enpinite

Pou kòdinasyon Konbit la:

Josué Merilien

Jean-Paul Bastien

Patrick Joseph